

**Board of Trustees**

Eliza Anderson, Chair  
 David Boghossian, Vice Chair  
 Stefanie Dhand, Treasurer  
 Uche Amaechi  
 Elizabeth Bartle  
 Timothy Bianchi  
 H. Theodore Cohen  
 Kevin Kielbasa  
 Gwen Thorne  
 Steve Vinter

26 janvyè 2017

Chè Elèv, Paran, ak Gadyen,

*Translated copies of this letter are available at [www.ccscambridge.org](http://www.ccscambridge.org). Thanks for reading. Kopi tradi lèt sa a disponib sou [www.ccscambridge.org](http://www.ccscambridge.org). Mèsi dèske w li l. Las copias traducidas de esta carta se encuentran disponibles en [www.ccscambridge.org](http://www.ccscambridge.org). Gracias por leerlas.*

Bonnane! M espere 2017 byen kòmanse pou ou ak fanmi w. Apre yon vakans fendane de semèn byen long ak, n espere, plen repo, nou retounen lekòl depi le 9 epi nou rekòmanse travay touswit. Nan wòl direktè lekòl ak paran mwen an menm tan, mwen pran yon ti tan pou fè bilan ak konsidere kote nou ye kounyeya. Kisa nou fè byen an 2016? Kisa nou ta dwe antreprann chanje an 2017? Mwen sèten ou fè menm bagay la. Antanke kominote edikatè, nou fè tip refleksyon sa a toutan – sou leson nou yo, reyinyon nou yo, relasyon nou avèk elèv endividyèl oswa gwoup, sistèm ak politik nou yo, ak lòt bagay toujou. Men pandan sa favorize yon kilti amelyorasyon kontinyèl, sa kapab anpeche nou apresye tou kote nou ye ak sa nou genyen. Mwen kontinye fyè lekòl nou kreye a. Pandan n ap kòmanse yon nouvo ane almanak, m espere w gen menm santiman sa a sou kominote eskolè ou chwazi pou pitit ou a.

Semèn pase, elèv yo te fè yon dezyèm seri egzamen nivo. Evalyasyon sa yo te jwe wòl egzamen mi-sesyon tou epi yo sèvi pou bay pwofesè yo enfòmasyon esansyèl – Kisa elèv yo metrize? Kisa ki bezwen plis pratik? Ki konpetans ki bezwen amelyore pandan dezyèm semès la? Kò pwofesè a te pase yon pati nan lendi ak madi ap reflechi sou enfòmasyon sa yo ak enkòpore yo nan planifikasyon yo pou jou, semèn, ak mwa k ap vini yo.

Sa ki enpòtan, egzamen sa yo klotire fòmèlman nòt premye semès yo. Jan sa eksplike nan manyèl nou an, nou pran mwayèn nòt premye ak dezyèm semès yo pou kalkile nòt pou tout ane a nan chak kou. Yon bon nòt premye semès mete elèv yo sou chimen yon nòt final solid. Yon move nòt vle di elèv yo gen travay pou yo fè pou yo fini ane a avèk nòt yo vle a. Jan Madan Hairston ak Madan Mederos-Dorleans di l la, “nòt se lajan.” GPA ki pi wo prèske toujou mennen pi bon pake èd finansye ak plis lajan bous. Avèk kou kolèj k ap monte, jwenn asistans finansye gen yon enpòtan kapital.


Mwen te note nan fen premye trimès la jan nou fyè kominikasyon konstan nou avèk paran ak gadyen yo. Chak grenn fanmi sipoze resevwa yon apèl nan men konseye pitit li apeprè nan semèn k ap vini an. M espere w ap sèvi avèk apèl sa a pou kontwòle pwogrè akademik, sosyal, ak nan konpòtman. Selebri sa k ap mache epi pran tan eksprime sa k ap trakase w. Si w pa resevwa apèl, tanpri kontakte Madan Norris oswa Misye Nomani. Y ap fè w resevwa apèl la.

Men kèk anons enpòtan. Tanpri li yo atantivman.

- **Rekritman Elèv pou 2017-2018** – Nou kòmanse deja. Pawòl nan bouch se pi bon reklam. Tanpri ede simaye nouvèl la bay zanmi, fanmi, ak kòlèg. Gen enprime disponib nan biwo resepsyon nou an. Fè demann anliy se yon bagay senp. Vizite: <http://ccscambridge.org/apply>. Fanmi ki fè demann pi bonè yo gen plis chans jwenn plas. Premye lotri enskripsyon nou an te fèt 25 janvye. Dènye delè a pou pwochen lotri nou an se 1<sup>ye</sup> mas a 4<sup>re</sup> nan apremidi.
- **Asosyasyon Paran ak Gadyen** – Nan dat madi, 31 janvye, CCSC ap akeyi 3yèm reyinyon PGA nou an pou ane a pou diskite sou Konsèy/Konvèsasyon Difisil avèk Adolesan. PGA a, ki akeyi tout paran ak gadyen CCSC, te kreye pou soutni efò CCSC yo, ofri resous ak enfòmasyon pou pèmèt paran ak gadyen ede elèv yo reyisi, ak fasilite kominikasyon konstan avèk administrasyon ak kò pwofesè lekòl la. Ou kapab jwenn plis detay sou evènman an sou sit wèb nou an ak sou paj Facebook nou an.
- **Kafe avèk Chèf Etablisman yo** – Yon nouvote ane sa a, chèf etablisman w yo òganize yon lè kafe lib chak mwa, abityèlman katriyèm vandredi mwa a. Pa gen ajenda fiks: evènman inèdtan sa yo se okazyon pou fanmi yo poze kesyon oswa ofri lide bay Madan Norris (Chèf Etablisman Premye Sik Segondè a) ak Misye Nomani (Chèf Etablisman Dezyèm Sik Segondè a), ak aprann nan men lòt fanmi ki yo menm tou gen pitit yo nan CCSC. Gen twa nan sa yo ki fèt deja epi anpil fanmi te prezan -- mèsi! Tanpri make almanak ou pou 8:45 nan maten vandredi, 27 janvye. N espere n ap wè w la.
- **Similak Somè G20** – Yon nouvote ane sa a, 15 elèv dezyèm sik segondè pwal patisipe nan yon Similak Somè G20 senk jou nan Inivèsite Harvard an patenarya avèk Fondasyon GiantBug, China Education Symposium ak Harvard US-China Economic Interaction Council. Ansanm avèk elèv parèy yo ki sòti nan lekòl dezyèm sik segondè renome nan Boston ak Lachin, elèv yo pwal swiv kou kèk nan pi bon pwofesè nan lemond, pratike diplomasi, aprann la negosyasyon, fòmasyon ekip ak plis bagay toujou avèk dine kontak trè enteresan ak aktivite an gwoup kote y ap pran plezi yo ant leson yo.
- **Nou pap gen lekòl lendi, 13 mas 2017** pou n kapab bay elèv yo ak pèsònèl la yon ti repo pandan pòsyon ane eskolè sa a ki abityèlman long ak fatigan.

Kòm toujou, mwen apresye anpil tan ak enèji ou depanse ap ede travay lekòl nou an ap fè a. Li lèt sa a, gade kanè pitit ou, ak mande pitit ou jan l ye se yon eleman enpòtan soutyen sa a. M espere 2017 ap yon bèl ane pou ou ak pou CCSC.

Sensèman,



Caleb Hurst-Hiller  
Direktè